

JOURNAL MWEN POU LEKTI VAKANS DE TE



Non mwen se:

Byenveni Fanmi nou yo!

Chè Fanmi New Worlds Reading,

Jounal mwen pou Lekti Vakans Dete a fèt pou itilize ak liv ou resevwa nan kad New Worlds Reading Initiative.

Sèvi ak aktivite ki nan jounal la pou fè manm fanmi w angaje konvèsasyon sou sa, epi pou ankouraje moman espesyal ansanm. Liv yo kapab sèvi kòm bonjan baz pou eksperyans pataje nan ri, imajinasyon ak pèsepsyon! Sèvi ak konsèy sou lekti ki anba a, pou ede w kreye moman majik sa yo ak timoun nan.

Sa ki pi enpòtan an, se fè yon fason pou lè nou li ansanm, sa amizan, repozan, epi entèaktif tou. Akeyi nouvo eksperyans liv yo ka pote, epitou pwofite bèl vwayaj lekti ofri ansanm ak timoun nan!

Bòn lekti!

Zanmi w yo nan New Worlds Reading

Cover illustration by Viviana Garofoli. No part of this publication may be reproduced in whole or in part, or stored in a retrieval system, or transmitted in any form or by any means, electronic, mechanical, photocopying, recording, or otherwise, without written permission of the publisher. For information regarding permission, write to Scholastic Inc., 557 Broadway, New York, NY 10012. Copyright © University of Florida. All rights reserved. Published by Scholastic Inc. Printed in the U.S.A. Item #760512 • SCHOLASTIC and associated logos are trademarks and/or registered trademarks of Scholastic Inc.



Konsèy pou Fè Lekti ak Timoun nan

ANVAN LEKTI A: Lekti se yon bèl avanti ki kòmanse depi nan kouvèti liv la.

- **Egzamine paj kouvèti devan ak dèyè yo.** Pale sou sa ou remake, epi mande timoun nan si li ka jwenn endis sou sa ki ka rive nan liv la, dapre tit la, rezime a ak desen ki sou kouvèti a.
- **Montre non otè a ak non ilistratè a.** Pale ak timoun nan sou sa yon otè ak yon ilistratè fè, ak kijan yo travay ansanm pou yo rakonte istwa a.
- **Fè yon rale mennen vini sou imaj yo,** pandan w ap pale de imaj ki nan liv la anvan ou li tèks la. Pandan w ap gade imaj yo, poze timoun nan kesyon sou sa yo montre, epi mande l ki endis li jwenn sou sa ki ka rive apres nan istwa a.

PANDAN LEKTI A: Pandan w ap li istwa a ak timoun nan, mete w alèz yon kote ki konfòtab. Pou w ka rann eksperyans lan agreyab, sèvi ak mo yo ansanm ak imaj yo pou w fè istwa a vin pi vivan!

- **Poze timoun nan kesyon pandan lekti a,** yon fason pou ankouraje li fè yon rale sou evènman ki nan istwa a. Patisipe nan konvèsasyon sou tèks la ap ede timoun nan rakonte sa li te li a, epitou, sa ap pèmèt li devlope konpreyansyon li ansanm ak vokabilè li.
- **Fè timoun nan patisipe nan lekti istwa a.** Li atoudewòl ofiamezi n ap avanse nan liv la. Nou chak ta ka li yon paj oswa yon paragaf sou de. Lè timoun nan fin alèz nèt nan lekti a, fè l li liv la pou ou!
- **Li l ankò!** Li liv plizyè fwa, se yon aktivite ki enpòtan anpil pandan timoun nan ap aprann renmen lekti. Pou aktivite lekti a toujou enteresan, fè vwa pou chak pèsonaj nan istwa a, epi jwe wòl yo kòm si ou se yon aktè, pandan w ap li istwa a. Timoun nan ap dekouvri detay ki diferan e l ap fè nouvo koneksyon chak fwa li li liv la.

APRE LEKTI A: Eksperyans yon lektè viv lè l ap li yon li yon liv pa fini lè l fin li dènye paj la. Se konsa, reflechi ak diskite sou lide ki genyen nan yon liv, apre lekti a, vin ajoute yon lòt nivo sans ak konpreyansyon pou timoun nan.

- **Pale sou lyen** oumenm oswa timoun nan genyen parapò ak istwa a. Èske w te janm viv yon eksperyans ki sanble ak pa pèsonaj prensipal la? Èske w te janm vizite yon kote tankou kad ki prezante nan liv la? Imajine kijan sa ta ye si w te yon pèsonaj nan istwa a.
- **Fè desen** sou istwa a. Ankouraje timoun nan desine oswa ekri istwa. Lekti ak ekriti mache men nan men, epitou, youn ranfòse lòt!
- **Ou renmen liv sa a? Alò, chèche jwenn yon lòt!** Ale nan bibliyotèk ki bò lakay ou a, epi mande bibliyotèkè a ede w jwenn kèk liv ki gen istwa ki sanble ak sa a. Bibliyotèk lokal yo ofri pwogram vakans dete, yon fason pou ankouraje lektè yo vin pran pi bèl plezi toujou nan aktivite lekti pandan ete a!

Ou Se yon Anketè Liv

Liv yo tankou mistè k ap tann pou yo rezoud yo. Anvan lekti a, gade kouvèti liv ou a ak anpil atansyon, ansanm ak tit la, desen ki sou liv la, ak otè a. Kisa endis sa yo di w sou li? Ekri kesyon w ap poze tèt ou sou liv la. Lè w fin li, ekri ki istwa w dekouvri liv la rakonte.

Tit Liv la: _____

ANVAN LEKTI A

Ki kesyon m ap poze tèt mwen sou liv sa a:

APRE LEKTI A

Mwen konnen liv sa a rakonte istwa:



TI KONSÈY POU FANMI!

Pou w ka ranfòse konpetans panse kritik timoun nan, ankouraje l di w ki kesyon l poze tèt li sou kèk lòt bagay apa liv yo, tankou entrig yon emisyon televizyon, previzyon meteyo pou demen, oswa menm sa ki nan yon bwat kantin ki fèmen. Poze tèt ou kesyon amizan!

Jwèt Kastèt Pèsonaj

Yon *pèsonaj* se yon moun, yon bèt, oswa yon kreyati nan yon istwa. Menm jan ak pyès nan jwèt kastèt yo, pèsonaj yo fèt ak dives pyès diferan. Chwazi pèsonaj ou pi renmen nan liv ou a. Apresa, ekri mo oswa fraz ki pale de yo, pou w konplete jwèt kastèt la.

Pèsonaj

Tit

apati

Dekri pèsonaj la:

Kijan pèsonaj la aji:

Yon bagay pèsonaj la di:

Nan ki fason pèsonaj la chanje:




TI KONSÈY POU FANMI!

Diskite sou pèsonaj ou pi renmen yo nan liv ou te li yo, ansanm ak kèk ki pa fin twò agreyab. Apresa, mande: *Èske w ta renmen jwe yon jou ak youn nan pèsonaj sa yo?* Pwobableman non! Gide timoun nan pou l konprann ke se pa tout pèsonaj yo ki dwe "janti" pou yo memorab ak fòmidad.

Imajine Pati w Pi Renmen an

Ki pati ou pi renmen nan liv la? Desine l nan ankadreman foto a. Epi dekri li anba la a.

Tit: _____



Kad Sipèb

Yon *kad* se ki kote ak kilè yon istwa ap dewoule. Kad yon liv kapab yon kay kounye a, yon wayòm majik nan tan lontan, oswa menm planèt Mas nan ane 3000! Chwazi yon kad ki nan liv ou a. Apresa, ranpli espas ki anba a pou pale de li. (Remak: timoun yo ka chwazi plis pase yon espas).

Tit: _____

Kad la...

reyèl

imajinè

bèl

fè pè

lòt _____

Desine yon imaj ki montre kad ou a la a.



Istwa sa a dewoule...

kounye a

sa fè kèk mwa

sa fè lontan

alavni

lòt _____

Ekri mo ki pale sou kad ou a la a.

Yon Papiyon pou Rakonte Istwa a

 Fiksyon

Sa bèl pou li yon liv estwòdinè! Ranpli zèl papiyon an pou di ki kote ak kilè istwa a ap dewoule, epitou sou kiyès ak sou kisa li ye.

Tit: _____

Ki kote li ye?
(kad)

Kilè?
(peryòd)

Kiyès?
(pèsonaj prensipal yo)

Kisa?
(entrig)

Sekans an fòm koulèv

 Fiksyon

S-s-s-se konsa ou jis li yon nouvo liv mayifik! Kisa ki te pase nan kòmansman, nan mitan, ak nan fen istwa a? Sèvi ak koulèv elegan sa a pou rakonte istwa a an sekans.

Kòmansman

Premyèman, sa te rive.

Mitan

Après, sa te rive.

Fen

Pou fini, sa te rive.



TI KONSÈY POU FANMI!

Pou ranfòse kapasite pou òganize an sekans, jwenn yon ti istwa ou pi renmen oswa yon chante kontin, tankou "Humpty Dumpty," nan liv la oswa sou entènèt. Kopye yo an gwo ekriti sou papye. Après, koupe chak fraz. epi bay timoun nan defi pou l remete rim nan ansanm ankò nan lòd.

Bòl pou Gwo Lide

Otè yo mete anpil lide nan liv yo pou lektè tankou w yo ka aprann divès bagay. Pa egzanp, yon gwo lide nan istwa "Ti Poul Wouj la", sèke *tout moun ta dwe ede*, epi yon ti lide, sèke *pen fre gen bon gou*. Èske w ka jwenn yon gwo lide nan liv ou a? Ekri li sou bòl fwi a. Apresa, ekri kèk ti lide sou fòm fwi yo.

Tit: _____

ti lide

ti lide


ti lide

Gwo lide liv mwen an se...

Yon Pwason pou ekri Reyalite yo



Yon reyalite se yon moso enfòmasyon ki vre, tankou kèk pwason naje nan basen. Ekri tit la ak sijè liv ou a ki baze sou reyalite e ki rakonte istwa koray la. Apre sa, ekri reyalite ou te aprann nan liv la sou pwason an. Eskplòre !



Tit: _____

Sijè: _____



TI KONSÈY POU FANMI!

Pou ranfòse konsèp reyalite a, jwe jwèt senp sa a: pataje kèk reyalite ak fiksyon komik sou timoun nan, tankou: *Lee gen sèt an* (reyalite). *Lee gen yon sè* (reyalite). *Lee se yon estraterès* (fiksyon). *Lee ap viv nan Islann* (fiksyon). Envite timoun nan bat bravo pou reyalite epi frape pye l atè a pou fiksyon. Yon bagay ki sèten, pral gen griyen dan, men pral gen bonjan aprantisaj tou.

Li Tout Bagay Sou Li!

Liv ki baze sou reyalite pale de bagay ki reyèl, li pa pale de bagay ki imajinè. Ranpli espas vid yo, epi desine yon imaj pou w dekri yon liv ki baze sou reyalite ke ou te li.

Lè pou Lekti


Timoun Fòmèdab Li Liv Ki Baze sou Reyalite!

Jodi a, _____, ki soti nan, _____
non ou katye lakay ou
te fè yon bagay fòmèdab! _____ te li yon liv ki baze sou reyalite
Li
ki rele _____ epi otè a se _____.
tit liv la non otè a

Liv la te rakonte istwa _____
sijè liv la

Nan liv la, _____ te aprann kokennchenn reyalite sa a:
non ou ankò _____ . Waw!

Liv sa a te gen _____ paj,
longè liv la
men sa pa t dekouraje
_____. Timoun
non ou ankò
fòmèdab sa a jis kontinye ap li!
_____ fè plan pou
non ou ankò
li yon lòt liv ki baze sou
reyalite byento!




Desine yon imaj pou w pale sou liv ou an ki baze sou reyalite.

Yon Ensèk pou Fè Konparezon

Konpare vle di gade ak anpil atansyon de (2) oswa plizyè bagay, pou wè nan ki fason yo sanble epi nan ki fason yo diferan. Chwazi de liv pou konpare. Ekri nan ki fason yo menm jan sou tèt ensèk la. Ekri nan ki fason yo diferan sou chak bò kò ensèk la.

Tit 1:


Menm jan



Tit 2:

Diferan

Diferan



TI KONSÈY POU FANMI!

Pou ranfòse kompetans konparezon, ankouraje timoun yo konpare de (2) bagay ke w gen lakay ou, tankou yon pòm ak yon zoranj, yon peny ak yon bwòs, yon liv ak yon televizyon, oswa menm yon nounous chat ak yon vre chat. Pou chak pè objè, èske timoun nan ka jwenn omwen senk fason yo diferan, epi senk fason ki fè yo menm jan?

Kritik Mwen sou Liv la

Kisa ou panse de liv ou sot li a? Ranpli espas vid yo pou kreye pwòp kritik ou sou liv la. Pare, prè, ekri!

Tit: _____

Otè: _____

Mwen ba li kantite zetwal sa yo:



Ranpli 1-5 zetwal.

Gade! Gade! Mwen fèk li yon nouvo liv!

Li rakonte istwa _____ . O, ala bèl!

lide prensipal la

_____ se yon moun mwen dwe rankontre kanmenm!

pèsonaj nan liv la

Mwen ba li _____ , wi, mwen fè sa! Mwen _____

kantite zetwal (1-5) etwal/zetwal

ta/pa ta

rekòmande pou ou li liv sa a!

Vedèt Mo yo

Li, ekri, epi diskite sou mo yo pral fè w vin yon vedèt nan vokabilè! Ki bèl nouvo mo ou te aprann nan liv ou te li yo? Pale sou yo ak yon granmoun. Apresa, ekri mo ou pi renmen yo ansanm ak sa yo vle di anba a.



Mo

Sans




Mo

Mo



Mo

sans



Mo

Mo























TI KONSÈY POU FANMI!

Pou timoun nan aprann byen, toujou eseye defini nouvo mo yo nan yon langaj senp ke timoun nan deja konprann. Mande l: Di kisa nouvo mo a vle di nan liv la. Èske nou ka itilize li nan yon nouvo fraz? Ann eseye!

Jounal Lekti Mwen an

Ekri tit chak liv ou li nan tablo sa a. Ekri *F* si se fiksyon ak *R* si li baze sou reyalite. Lè sa a, ansèkle figi ki kontan an oswa figi ki tris la pou w di kijan w santi w parapò ak liv la.

| Tit Liv la | Fiksyon oswa Reyalite | Kijan Mwen Santi m Parapò ak Liv la |
|------------|-----------------------|---|
| | |   |
| | |   |
| | |   |
| | |   |
| | |   |
| | |   |
| | |   |
| | |   |
| | |   |
| | |   |

FELISITASYON

_____ , ou te li _____ liv!
non timoun nan kantite liv ke l te li

JOURNAL MWEN POU LEKTI VAKANS DE TE



Copyright © University of Florida. All rights reserved. Published by Scholastic Inc. Printed in the U.S.A. Item #760508 - SCHOLASTIC and associated logos are trademarks and/or registered trademarks of Scholastic Inc.

Chè Fanmi New Worlds Reading,

Jounal mwen pou Lekti Vakans Dete a gen pou objektif pou li vin konplete liv ou pral li yo ak timoun nan pandan vakans dete yo, nan kad New Worlds Reading Initiative. Sèvi ak aktivite ki nan jounal la pou fè manm fanmi w angaje konvèsasyon sou sa, epi pou ankouraje moman espesyal ansanm. Liv yo kapab sèvi kòm bonjan baz pou eksperyans pataje nan ri, imajinasyon ak pèsèpsyon! Sèvi ak konsèy sou lekti ki anba a, pou ede w kreye moman majik sa yo ak timoun nan.

ANVAN LEKTI A: Lekti se yon bèl avanti ki kòmanse depi nan kouvèti liv la.

- **Egzamine paj kouvèti devan ak dèyè yo.** Pale sou sa ou remake, epi mande timoun nan si li ka jwenn endis sou sa ki ka rive nan liv la, dapre tit la, rezime a ak desen ki sou kouvèti a.
- **Diskite sou sa ou konnen sou sijè a.** Pou liv ki baze sou reyalyte, reflechi sou kesyon ou espere liv la reponn.

PANDAN LEKTI A: Aktivite lekti ak timoun nan ka pran diferan fòm, ofiamezi l ap amelyore kapasite li pou li li poukont li. Pafwa, nou ka li yon liv ansanm, epi lòt fwa yo, timoun nan ka li poukont li. Kit ou li ansanm ak timoun nan, kit ou fè konvèsasyon avèk li pandan li genyen kesyon oswa lè li fin li yon liv, lè ou akonpaye li nan aktivite sa yo, sa ka rann lekti a pi amizan, epitou sa ka ba li plis sans.

- **Li istwa yo ak seksyon nan istwa yo plizyè fwa.** Lè timoun yo li yon liv plizyè fwa, sa ede yo konprann sa yo li a pi byen. Timoun yo aprann nouvo konsèp, epitou yo dekouvri detay ki diferan chak fwa yo li l.
- **Pran yon pòz nan fen chak seksyon oswa nan fen chapit yo,** pou w ka pale sou sa k ap pase nan liv la jis kote nou rive a. Mande timoun nan pou li di w ki kesyon l ap poze tèt li, oswa ki kesyon li genyen, epi, pataje pwòp kesyon pa w avè l.
- **Pale sou zèv otè a.** Èske otè a itilize yon estil patikilye pou rakonte istwa a? Poukisa otè a pran desizyon sa yo? Si timoun nan te otè liv la, kisa li ta vle chanje?
- **Depase kad istwa a.** Chèche jwenn foto, ilustrasyon, glosè, kalandriye ak endèks, ki bay istwa a yon sans ki pi pwofon.

APRE LEKTI A: Plezi ki genyen nan fè lekti pa sispann lè ou fin li dènve paj liv la. Se konsa, reflechi ak pale sou lide ki soti nan yon liv, apre aktivite lekti a, vin ajoute yon lòt nivo konpreyansyon pou timoun nan.

- **Pale sou lyen** oumenm oswa timoun nan genyen parapò ak istwa a. Èske w te janm viv yon eksperyans ki sanble ak pa pèsònaj prensipal la? Èske w te janm vizite yon kote tankou kad ki prezante nan liv la? Imajine kijan sa ta ye si w te yon pèsònaj nan istwa a. Ki lòt liv ou te li ki sanble ak sa a, e ki konparezon ou ka fè ant liv sa yo?
- **Fè desen** sou istwa a, pou jwenn sans pwofon liv la.
- **Diskite sou opinyon pèsònaj yo.** Kiyès k ap rakonte istwa a? Nan ki fason istwa a ta chanje, si yo te rakonte l nan yon lòt ang?
- **Jwenn pwen komen ki lye tout pati istwa a.** Nan istwa ki se fiksyon yo, chèche yon tèm. Ki evènman ki sipòte tèm nan? Nan istwa ki baze sou reyalyte yo, chèche lide prensipal la. Kisa ki pèmèt lide prensipal la parèt?
- **Ou renmen liv sa a? Alò, chèche jwenn yon lòt!** Ale nan bibliyotèk ki bò lakay ou a, epi mande bibliyotèkè a ede w jwenn kèk liv ki gen istwa ki sanble ak sa a. Bibliyotèk lokal yo ofri pwogram vakans dete, yon fason pou ankouraje lektè yo vin pran pi bèl plezi toujou nan aktivite lekti pandan ete a!

Sa ki pi enpòtan an, se fè yon fason pou lè nou li ansanm, sa amizan, repozan, epi entèaktif tou. Akeyi nouvo eksperyans liv yo ka pote, epitou pwofite bèl vwayaj lekti ofri ansanm ak timoun nan!



Bòn lekti!

Zanmi w yo nan New Worlds Reading

Photos ©: cover (background): GusGus/Getty Images; cover (bottom right): Vasko/Getty Images; cover (bottom left): fstop123/Getty Images; cover (bottom right): Kraska/Shutterstock; cover (top left): Dziejul/Dreamstime. No part of this publication may be reproduced in whole or in part, or stored in a retrieval system, or transmitted in any form or by any means, electronic, mechanical, photocopying, recording, or otherwise, without written permission of the publisher. For information regarding permission, write to Scholastic Inc., 557 Broadway, New York, NY 10012. Copyright © University of Florida. All rights reserved. Published by Scholastic Inc. Printed in the U.S.A. Item #760513 • SCHOLASTIC and associated logos are trademarks and/or registered trademarks of Scholastic Inc.

Sitasyon Pèsonaj yo

Chwazi yon pèsonaj ou pi renmen nan yon liv ou te li. Desine pèsonaj sa a sou fòm nan, epi ekri yon bagay enpòtan li te di. Kisa mo sa yo di ou sou pèsonaj sa a? Ekri yon paragaf pou pataje lide w.



Tit: _____

Non: _____

Kisa sitasyon sa a di m sou pèsonaj la:



SIPLEMAN!

Èske pèsonaj sa a se yon moun ou ta renmen rankontre nan lavi reyèl? Poukisa wi oswa poukisa non? Pataje lide w ak yon zanmi oswa yon manm fanmi w.

Akwostich pou dekri yon kad

Nan ankadreman an, ekri non yon kad enpòtan nan peyi w, sou bò gòch la, anba a. Kounye a, sèvi ak lèt sa yo kòm pwen depa pou dekri kote espesyal sa a ak mo oswa fraz yo. Alò, ou se yon powèt, epi ou pa t menm konn sa!

EGZANP

Tit: Lasitadèl

L ap taye banda sou plis pase 900 mètr altitud

Ak syè 20 000 moun li te konstwi

Se yon kokenchenn fòtrès, yon veritab mèvèy

Istwa li se istwa tout yon pèp

Tout moun emèveye lè yo vizite l


An 1982, li vin klase kòm patrimwàn mondyal

Depi 1820, Wa Anri Kristòf te fin bati l

Èske ou konnen Sitadèl Laferyè?

Lasitadèl: konsa yo rele l tou!

Tit: _____



SIPLEMAN!

Si ou renmen fè desen, desine kad la sou yon fèy papye apa pou matche ak powèm akwostich ou a.

Mesaj nan yon Boutèy

 Fiksyon oswa Reyalite

Otè yo mete gwo mesaj ak ti mesaj nan liv yo pou lektè yo jwenn. Youn nan gwo mesaj sa yo ta ka *polisyon anviwònman an nwizib*. Youn nan ti mesaj sa yo ta ka *resiklaj sove pyebwa yo*. Chwazi yon liv. Kisa ki gwo mesaj la? Ekri l anndan boutèy la. Apresa, ekri kèk mesaj ki pi piti sou kokiyaj yo.

Tit

Gwo mesaj

Ti mesaj

Ti mesaj

Ti mesaj



SIPLEMAN!

Ki lòt ti mesaj otè a te kapab mete nan istwa sa a? Kijan ou ta kapab pataje gwo mesaj ak ti mesaj otè a ak lòt moun? Diskite sou lide ou ak yon zanmi oswa manm fanmi w.

Yon Evènman Enpòtan

Kisa ki se yon evènman enpòtan nan liv ou sot li a? Yon ti fi ki loreya nan yon konkou òtograf? Yon ti gason k ap gade yon tònad detwi vil li a? Kisa evènman sa a te lakòz? Anndan kle a, dekri evènman enpòtan an ki nan liv ou a. Sou liy yo, eksplike kèk nan bagay evènman sa a te lakòz.

Evènman Enpòtan

Tit: _____

Rezilta:



SIPLEMAN!

Èske w ka panse ak yon evènman enpòtan nan lavi w? Kisa li te lakòz? Pataje lide w ak yon zanmi oswa yon manm fanmi w.

Rakonte Istwa ak Mo pa w

Kòmanse ak *Te gen yon lè*, rakonte istwa liv ou a tankou si se yon vyek ti kontdefe. Asire w ou mete tout detay istwa a: kiyès, kisa, ki kote, kilè ak poukisa. Èske istwa a fini nan kè kontan pou tout tan gen tan?

Te Gen Yon Lè...



SIPLEMAN!

Kisa k ta rive si istwa w la te fini yon lòt jan? Ekri yon lòt fen epi li l pou yon zanmi oswa yon manm fanmi w.

Rezime sou Paj Kouvèti Dèye Liv la

Èske w te renmen yon liv ou te li dènyèman? Ekri yon rezime pou paj kouvèti ki kaptivan anpil, pou w ankouraje lòt timoun yo li l. Yon rezime se yon ti deskripsyon liv la ki kapte atansyon lektè a. Premyèman, tcheke kèk rezime sou liv reyèl yo. Apresa, ekri pa w la anba a. Èske w ka panse a yon fraz ki pral VRÈMAN kapte atansyon lektè yo? Ekri li andedan boul ble a!



FÒ w VRÈMAN li

_____ !

tit liv la

Pi bon liv mwen te janm li!

Ekri yon fraz espesyal pou kapte atansyon lektè a la a.

Ekri yon rezime ki kaptivan la a.



SIPLEMAN!

Lè w pran yon liv, kisa ki fè w plis anvi li l—tit la, desen ki nan liv la, otè a, oswa rezime ki nan do liv la? Pataje lide w ak yon zanmi oswa yon manm fanmi w.

Kat Biyografi pou Koleksyone

Chwazi yon moun enpòtan nan yon liv ki baze sou reyalite ke ou te li. Ranpli kat koleksyon an pou w pale de “vedèt” liv la. Apres, ekri yon paragraf pou dekri moun sa a ak plis detay.

Kat Biyografi pou Koleksyone

non moun nan

tit liv la

Desine pòtre moun sa a la a.

Lè moun sa a te viv:

Kote moun sa a te rete:

3 mo ki dekri moun sa a:

1. _____
2. _____
3. _____

Yon bagay moun sa a te di:

“ _____

 _____ ”

Paj:

Poukisa moun sa a popilè:



SIPLEMAN!


Kisa ki fè yon moun se yon ewo? Èske ewo yo toujou dwe popilè? Èske w konnen yon ewo pèsònèlman? Pataje lide w ak yon zanmi oswa yon manm fanmi w.

Wè Doub

Li lè pou fè yon reyaksyon sipriz! Èske w ka panse ak yon lòt liv ki sanble ak sa w sot li a? Ekri non liv yo sou vè linèt yo. Anba sa a, ekri de (2) paragaf ki konpare liv yo. Nan ki fason yo sanble? Nan ki fason yo diferan?

Tit 1

Tit 2



Fason liv yo sanble:

Fason yo diferan:



SIPLEMAN!

Èske w ka panse ak kèk timoun ki ta renmen patikilyèman youn oswa toude liv sa yo? Ki moun? Sa k fè sa? Rekòmande liv yo bay timoun ki ta renmen yo!

Di ki Jan sa ye!

Jan se yon fason chèlbè pou di “kalite liv.” Chwazi yon liv ou li, epi kolore nan ti wonn ki PI BYEN dekri jan liv la. Poukisa ou panse li antre nan kategori sa a? Èske sa a se yon jan ou renmen espesyalman? Èske w te li lòt liv nan jan sa a? Ekri tout bagay sou li anba a!

Jan prensipal _____ se...

tit liv

 avanti

 mistè

 biyografi

 reyalite

 dram

 pwezi

 fantezi

 fiksyon reyalis

 fiksyon istorik

 syans fiksyon

 komedi

 lòt: _____

Mwen te chwazi jan liv sa a paske...




SIPLEMAN!

Pafwa yon liv ka fè pati de (2) oswa plizyè jan. Pa egzanp, *Harry Potter and the Sorcerer's Stone* se fantezi, AK avanti, AK komedi. Èske liv ou te ekri sou li pi wo a antre nan lòt jan yo? Pataje lide w ak yon zanmi oswa yon manm fanmi w.

Wou Reyalite

Liv ki baze sou reyalite yo se sous eksepsyonèl pou aprann enfòmasyon sou sijè reyèl—soti nan krapo rive nan Lafrans, soti nan jako rive nan prezidan yo. Li lè pou montre sa w te aprann nan yon liv ki baze sou reyalite! Ekri tit la ak sijè prensipal liv la nan mitan an. Apresa, ekri sis reyalite enteresan ou te aprann sou sijè sa a ant reyon yo. Kòmanse!



SIPLEMAN!

Tcheke bibliyotèk piblik lokal ou a pou w jwenn plis liv sou sijè reyèl ou pi renmen yo!

Mo Vedèt yo

 Fiksyon oswa Reyalite

Lekti, ekriti, ak diskite sou mo yo pral fè w vin yon vedèt vokabilè! Ki gwo nouvo mo ou te aprann nan liv ou li yo? Ekri mo ou pi renmen yo ansanm ak sa yo vle di anba a.

Mo

Sans

Sans

Mo

Mo

sans

Sans

Mo



SIPLEMAN!

Men yon defi: Gade konbyen nan nouvo mo sa yo ou ka itilize nan yon konvèsasyon ak zanmi w ak fanmi w semèn sa a. Annavan sipèsta vokabilè!

Jounal Lekti Mwen an

Ekri tit chak liv ou li nan tablo sa a. Ekri *F* si se fiksyon ak *R* si li baze sou reyalyite. Apresa, kolore youn rive senk zetwal pou montre kijan ou te renmen li.

| | Tit liv la | Fiksyon oswa Reyalyite | Nòt mwen an |
|----|------------|---------------------------|-------------|
| 1 | | | ★ ★ ★ ★ ★ |
| 2 | | | ★ ★ ★ ★ ★ |
| 3 | | | ★ ★ ★ ★ ★ |
| 4 | | | ★ ★ ★ ★ ★ |
| 5 | | | ★ ★ ★ ★ ★ |
| 6 | | | ★ ★ ★ ★ ★ |
| 7 | | | ★ ★ ★ ★ ★ |
| 8 | | | ★ ★ ★ ★ ★ |
| 9 | | | ★ ★ ★ ★ ★ |
| 10 | | | ★ ★ ★ ★ ★ |

FELISITASYON

_____ , ou te li _____ liv!
non timoun nan kantite liv ke l te li

Mesaj nan yon Boutèy

 Fiksyon oswa Reyalite

Otè yo mete gwo mesaj ak ti mesaj nan liv yo pou lektè yo jwenn. Youn nan gwo mesaj sa yo ta ka *polisyon anvivònman an nwizib*. Youn nan ti mesaj sa yo ta ka *resiklaj sove pyebwa yo*. Chwazi yon liv. Kisa ki gwo mesaj la? Ekri l anndan boutèy la. Apresa, ekri kèk mesaj ki pi piti sou kokiyaj yo.

Tit

Gwo mesaj

Ti mesaj

Ti mesaj

Ti mesaj



SIPLEMAN!

Ki lòt ti mesaj otè a te kapab mete nan istwa sa a? Kijan ou ta kapab pataje gwo mesaj ak ti mesaj otè a ak lòt moun? Diskite sou lide ou ak yon zanmi oswa manm fanmi w.

Yon Evènman Enpòtan

Kisa ki se yon evènman enpòtan nan liv ou sot li a? Yon ti fi ki loreya nan yon konkou òtograf? Yon ti gason k ap gade yon tònad detwi vil li a? Kisa evènman sa a te lakòz? Anndan kle a, dekri evènman enpòtan an ki nan liv ou a. Sou liy yo, eksplike kèk nan bagay evènman sa a te lakòz.

Evènman Enpòtan

Tit: _____

Rezilta:



SIPLEMAN!

Èske w ka panse ak yon evènman enpòtan nan lavi w? Kisa li te lakòz? Pataje lide w ak yon zanmi oswa yon manm fanmi w.

Rakonte Istwa ak Mo pa w

Kòmanse ak *Te gen yon lè*, rakonte istwa liv ou a tankou si se yon vyek ti kontdefe. Asire w ou mete tout detay istwa a: kiyès, kisa, ki kote, kilè ak poukisa. Èske istwa a fini nan kè kontan pou tout tan gen tan?

Te Gen Yon Lè...



SIPLEMAN!

Kisa k ta rive si istwa w la te fini yon lòt jan? Ekri yon lòt fen epi li l pou yon zanmi oswa yon manm fanmi w.

Rezime sou Paj Kouvèti Dèye Liv la

 Fiksyon oswa Reyalite

Èske w te renmen yon liv ou te li dènyèmman? Ekri yon rezime pou paj kouvèti ki kaptivan anpil, pou w ankouraje lòt timoun yo li l. Yon rezime se yon ti deskripsyon liv la ki kapte atansyon lektè a. Premyèmman, tcheke kèk rezime sou liv reyèl yo. Apresa, ekri pa w la anba a. Èske w ka panse a yon fraz ki pral VRÈMAN kapte atansyon lektè yo? Ekri li andedan boul ble a!

FÒ W VRÈMAN li

tit liv la

Pi bon liv mwen te janm li!

Ekri yon fraz espesyal pou kapte atansyon lektè a la a.

Ekri yon rezime ki kaptivan la a.



SIPLEMAN!

Lè w pran yon liv, kisa ki fè w plis anvi li l—tit la, desen ki nan liv la, otè a, oswa rezime ki nan do liv la? Pataje lide w ak yon zanmi oswa yon manm fanmi w.

Kat Biyografi pou Koleksyone

Chwazi yon moun enpòtan nan yon liv ki baze sou reyalite ke ou te li. Ranpli kat koleksyon an pou w pale de “vedèt” liv la. Apres, ekri yon paragaf pou dekri moun sa a ak plis detay.

Kat Biyografi pou Koleksyone

non moun nan

tit liv la

Desine pòtre moun sa a la a.

Lè moun sa a te viv:

Kote moun sa a te rete:

3 mo ki dekri moun sa a:

1.

2.

3.

Yon bagay moun sa a te di:

“

”

Paj:

Poukisa moun sa a popilè:



SIPLEMAN!


Kisa ki fè yon moun se yon ewo? Èske ewo yo toujou dwe popilè? Èske w konnen yon ewo pèsònèlman? Pataje lide w ak yon zanmi oswa yon manm fanmi w.

Wè Doub

Li lè pou fè yon reyaksyon sipriz! Èske w ka panse ak yon lòt liv ki sanble ak sa w sot li a? Ekri non liv yo sou vè linèt yo. Anba sa a, ekri de (2) paragaf ki konpare liv yo. Nan ki fason yo sanble? Nan ki fason yo diferan?

Tit 1

Tit 2



Fason liv yo sanble:

Fason yo diferan:



SIPLEMAN!

Èske w ka panse ak kèk timoun ki ta renmen patikilyèman youn oswa toude liv sa yo? Ki moun? Sa k fè sa? Rekòmande liv yo bay timoun ki ta renmen yo!

Di ki Jan sa ye!

Jan se yon fason chèlbè pou di “kalite liv.” Chwazi yon liv ou li, epi kolore nan ti wonn ki PI BYEN dekri jan liv la. Poukisa ou panse li antre nan kategori sa a? Èske sa a se yon jan ou renmen espesyalman? Èske w te li lòt liv nan jan sa a? Ekri tout bagay sou li anba a!

Jan prensipal _____ se...

tit liv

 avanti

 mistè

 biyografi

 reyalite

 dram

 pwezi

 fantezi

 fiksyon reyalis

 fiksyon istorik

 syans fiksyon

 komedi

 lòt: _____

Mwen te chwazi jan liv sa a paske...




SIPLEMAN!

Pafwa yon liv ka fè pati de (2) oswa plizyè jan. Pa egzanp, *Harry Potter and the Sorcerer's Stone* se fantezi, AK avanti, AK komedi. Èske liv ou te ekri sou li pi wo a antre nan lòt jan yo? Pataje lide w ak yon zanmi oswa yon manm fanmi w.

Wou Reyalite

Liv ki baze sou reyalite yo se sous eksepsyonèl pou aprann enfòmasyon sou sijè reyèl—soti nan krapo rive nan Lafrans, soti nan jako rive nan prezidan yo. Li lè pou montre sa w te aprann nan yon liv ki baze sou reyalite! Ekri tit la ak sijè prensipal liv la nan mitan an. Apresa, ekri sis reyalite enteresan ou te aprann sou sijè sa a ant reyon yo. Kòmanse!



SIPLEMAN!

Tcheke bibliyotèk piblik lokal ou a pou w jwenn plis liv sou sijè reyèl ou pi renmen yo!

Mo Vedèt yo

 Fiksyon oswa Reyalite

Lekti, ekriti, ak diskite sou mo yo pral fè w vin yon vedèt vokabilè! Ki gwo nouvo mo ou te aprann nan liv ou li yo? Ekri mo ou pi renmen yo ansanm ak sa yo vle di anba a.

Mo

Sans

Sans

Mo

Mo

sans

Sans

Mo



SIPLEMAN!

Men yon defi: Gade konbyen nan nouvo mo sa yo ou ka itilize nan yon konvèsasyon ak zanmi w ak fanmi w semèn sa a. Annavan sipèsta vokabilè!

Jounal Lekti Mwen an

Ekri tit chak liv ou li nan tablo sa a. Ekri *F* si se fiksyon ak *R* si li baze sou reyalite. Apresa, kolore youn rive senk zetwal pou montre kijan ou te renmen li.

| | Tit liv la | Fiksyon oswa Reyalite | Nòt mwen an |
|----|------------|--------------------------|-------------|
| 1 | | | ★ ★ ★ ★ ★ |
| 2 | | | ★ ★ ★ ★ ★ |
| 3 | | | ★ ★ ★ ★ ★ |
| 4 | | | ★ ★ ★ ★ ★ |
| 5 | | | ★ ★ ★ ★ ★ |
| 6 | | | ★ ★ ★ ★ ★ |
| 7 | | | ★ ★ ★ ★ ★ |
| 8 | | | ★ ★ ★ ★ ★ |
| 9 | | | ★ ★ ★ ★ ★ |
| 10 | | | ★ ★ ★ ★ ★ |

FELISITASYON

_____ , ou te li _____ liv!
non timoun nan kantite liv ke l te li